Ассаламу гIалайкум, казбекалъул жамагIат!

ВЕСТНИК

# Чапар

КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 42 (93180) / 23 октябрь 2017 с. / итни 4 Сафар 1439 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

## Администрациялда

I7 октябралда администрациялда тIобитIана аппараталъул иргадулаб данделъи. Гьенире гIахьаллъана - районалъул бетIерасул заместителал: И.И.Шабазов, З.Н. Эмеев,отделазул начальникал, аппараталъул, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби, росабазул администрациябазул бутIрул.



Хал гьабиялде росарал суалазул аслияблъун букIана: ***«Гьаб соналъул ичIго моцIалда жаниб районалъул организациябазгун учреждениябаз ва гIадамаз хIалтIизабураб токалъухъ, кьечIого хутIараб, налъи бец1и»*** абураб.

Гьелъул хIакъалъулъ информациягун цеве вахъана Северияб энергосбыталъул отделалъул начальник ХIасан Зиявудинов.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалал рича-чвана ва гьаруна рекъон кколел хIукмаби.

## Ярмарка т1обит1ана

Дагъал церегIан къояз кIодо гьабуна росдал магIишаталъул хIалтIухъанасул Къо. Гьелда хурхун, Дилималда тIобитIана,гIадатлъун лъугьараб,районалъул магIишатаз хIадурараб кванил нигIматазул ярмарка.



Гьеб тадбиралда гIахьаллъана-районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаев, гьесул заместителал: З.Н.Эмеев, И.Б. Салимханов, райадминистрациялъул аппаратальe нухмалъулев Г.П.Базаев,депутатазул Собраниялъул председатель Гъ.М. Гьирисханов, УСХялъул, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби ва гьалбал.

КIалъазе рахъарал - ХI.ХI. Мусаевас, УСХялъул директор З.Д. ГIалиевас ва цогидазги гьениб бицана районалъул росдал магIишатазда ругел церетIеязул, гIолел-гIоларел рахъазул ва цере чIарал масъалабазул. КIалъаздаса хадуб, хIалтIулъ тIокIлъи бихьизабурал росдал магIишаталъул хIалтIухъабазе гьенир кьуна районалъул администрациялъул ва УСХялъул ХIурматалъул грамотаби.

РехсечIого гIоларо, сонaлдаса-соналде, районалъул маг1ишатаз ричизе цере рахъулел кванил нигIматазул къадар цIикIкIунеб ва гьезул качество лъикIлъулеб букIин. Гьедин, гьаб ярмаркаялда ричулел рукIана-ролъ, цIоросаролъ, пурчIина, дугу,



картошка,гьан (хIайваналъул ва цIцIел), хIан, нису, тIорахь, рахь,гьоцIо, цIулакьо, гIеч, гени, цIибил,харбуз,пастIан,помидор ва гь.ц.

Ярмаркаялде рачIаразе рес щвана, базаралъулалдаса учузаб багьаялда, рехсарал нигIматал росизе.

***И. ИДРИСОВ.***

## Умумузул конференциялда...




Дагьал церегIан къояз культураялъул Централда тIобитIана районалъул умумузул вакилзабазул конференция. Гьенире гIахьаллъана - районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаев, депутатазул Собраниялъул председатель Гъ.М. Гьирисханов, имамзабазул Советалъул председатель Ш.Къ.-хI.Къурбанов, лъайкьеялъул управлениялъул начальник М.-р.И. МахIамаев, ОМВДялъул начальникасул заместитель Р.А. Писаев, ЦРБялъул бетIерав тохтур М.-р.З.ЛахIитов, школазул директорал ва цогидалги лъайгун тарбия кьеялда хурхарал гIуцIабазул жавабиял хIалтIухъаби.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалал рукIана гIолеб гIелалъе лъайгун тарбия кьеялда тIад, тIолабго жамагIат цолъун х1алт1изе, гьелдехунисел тIалабал цогоял рукIине ккеялда хурхарал.

КIалъазе вахъарав ХI.ХI.Мусаевас абуна: ***«Нилъеда кIочене бегьуларо, гIолеб гIелалъе лъайгун тарбия кьеялъул рахсил тIоцебесеб гIекIлъун хъизан кколебльи. Умумуз, мугIалимзабаз ва лъайгун тарбия кьеялъулъ жидеца бутIа лъолел киналниги гIуцIабаз, жамагIатаз, цадахъ рекъон, хIалтIи гьабуни, лъикIал хIасилал гьелъ кьезе рукIиналда лъилниги щаклъи букIинин кколаро. ХIажат буго,нахъбахъичIого, цадахъаб хIалтIиялде байбихьизе»***,-ян.

М.-р.И.МахIамаевас данделъаразе, къокъгьабун, бицана араб соналъ лъайгун тарбия гIолеб гIелалъе кьеялъулъ ккарал хIасилазул, дандчIварал захIмалъабазул ва цере чIарал масъалабазул.

Жиндирго кIалъаялда М.-р.З. ЛатIиповас абуна: ***«Киназдаго лъала, тIоцебесеб иргаялда,инсанасе сахлъи къваригIунеблъи. Эбел-инсуца тIалаб гьабизе ккола жидер лъималазул сахлъиялъул. Бихьизабураб заманалда лъимал тохтурзабахъеги рачани, гьез бихьизабурабги тIубазабуни, гьезие гIумру гьабизе г1емерго бигьа букIине буго»***,-ян.

Ш. Къурбановас тIадчIей гьабуна лъималазе рухIияб тарбия кьеялда.

Хадусан кIалъарал-балугълъиялде рахинчIел лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул инспектор М.Х. Темирбулатовалъ, Гуни росдал гимназиялъул директорасул заместитель ХI. Зубайриевас, Калининаулалъул гьоркьохъеб школалъул психолог С. Нуридиновалъ, Р.Салатгереевалъ (Дилим), Р.Алхасовалъ (Гертма) ва цогидазги гьарурал кIалъаяздасан бич1ч1унеб букIана гIолеб гIелалъе лъайгун тарбия кьеялъулъ цолъизе, лъималаздехунисеб тIалабал цого рукIине, ва гьезул хьвада - чIвади кидагосеб халалда букIине ккейи.

Жидер школалда ругел цо-цо гIунгутIабазул бицун кIалъазе яхъана Дубки посЕлокалдаса М. И.-м. Меджидова.

***ХI. КАРИМОВА.***

Г1агараб газеталъул божарал гъудулзаби,

# Алмахъалда данделъи

11 октябралда Алмахъ росулъ т1обит1ана херазул Советалъул ва жамг1иял г1уц1абазул цадахъаб данделъи.

Гьенире г1ахьаллъана- «Казбек район» муниципалияб г1уц1иялъул бет1ерасда цебе г1уц1араб херазул Советалъул председатель Мухтар Чупалаев, Жамг1ияб палатаялъул председатель Х1ажи Адимирзаев, рагъул ва зах1маталъул ветераназул Советалъул председатель Хункарби М-х1абибов, «Цогояб Россия» партиялъул бак1алда бугеб отделениялъе нухмалъулев Саг1ид Алтумирзаев, динияб идараялъул рух1ияб лъайкьеялъул отделалъул х1алт1ухъан Мух1амад-апанди Инаг1абасов, Алмахъ росдал администрациялда цебе г1уц1араб херазул Советалъул председатель Х1усен Тупаев, росдал имам Ах1мад Нуцалханов, ,сакъатал г1адамазул вакил Идрис Идрисов, школалъул муг1алим Мурад Сираждинов, жамаг1аталъул вакилзаби: Анас Бадрудинов. Мухтар Сираев, библиотекаялъул заведующая Наида Расулова, медпункталъул х1алт1ухъан Аминат Г1умарова ва цогидалги жамг1иял г1уц1абазул х1аракатчаг1и.

Данделъиялъул халгьабиялде росарал:

***1.Г1унбач1унеб г1елалъе рух1ияб тарбия кьеялъулъ херазул Советалъул ва жамг1иял г1уц1абазул бугеб к1вар.***

***2.Росулъ яшав гьабун ругел г1адамазул рук1а-рахъин лъик1лъизабиялъе х1ажатал шарт1ал ч1езари*** абурал суалазда т1асан к1алъараз бицана росулъ ругел г1унгут1абазул дандч1валел зах1малъабазул ва цере ч1арал масъалабазул.

***Сираждинов М.*** Школалда ц1алдохъабазе гьабулеб рух1ияб тарбия кьеялъул х1алт1и чучлъизе тун гьеч1о. Г1олилал лъик1ал мисалазда куцаялда, гьезие бит1араб тарбия кьеялда сверухъ нижеца гьарулел руго г1емерал х1алт1аби.

Цого-цо к1алзул каламалдалъун гуребги, нижеца, баянлъи кьолел агитациялъул иг1ланал,бат1и-бат1иял суратал стендал, рагъул зах1маталъул ветераназул мисалал х1алт1изарула, бич1ч1икьеялъул х1алт1улъ, амма материал дагьабго басралъун буго. Бокьилаан гьеб ц1игьабиялъе ресал ратизе.

***Нуцалханов А.***Нижер росулъ, гьеч1о гьалмагъирчаг1и, Аллагьас ц1унун руго ниж гьелдаса. Х1алт1улеб буго мадраса. Гьенив ц1алулев вуго 40 мутаг1ил. Щибаб рузман къоялъ гьабулеб ваг1за-насих1аталда бицуна исламалъул бац1ц1алъиялъул, гьелъ киналнигиi бусурбаби лъик1аб хьвада-ч1вадиялде, жиндиего бокьулареб жо чидае гьабунгут1иялде ах1улел рук1иналъул. Инсан



къабих1 гьави, гьесул напс г1одобег1ан гьаби, исламалъ гьукъараб жо бук1ин.

***Будунов Г1.*** Нижер росдада сверухъ гьеч1о г1олилазе минаби разе кьезе ч1орогоял ракьал. Гьел киналго заз-хъарахъалъ кодоре росун руго. Гьеч1о гьезие х1алт1и. Дол нилъер умумуз гьабулеб бук1араб ***«ч1ег1ераб»*** х1алт1иги гьезие данде кколеб гьеч1о. Гьел яшав гьабизе унел руго росу тун къват1ире, умумузе гьезда хадуб хъаравуллъи ккезе ресги кколеб гьеч1о. Гьез гьел цо-цо к1ич1алабазде рачунелги руго.

***Сираев М.*** Нижер росулъ гьеч1о рохьазде унел г1олилал. Бикъа- хъамиги нижее г1адаб жо буго. Цо-цо г1иси-бикъинал г1унгут1аби камураб бак1, гьай-гьай, бук1унаро. Гьел нилъецаго данде рачине ккола.

***Идрисов И.*** Г1адамазе коммуналияб кумекалъе пачалихъалъ кьезелъун рихьизарурал ***«къабих1ал»*** гъурщал кьолел гьеч1елдаса лъаг1ел г1олеб буго. Гьебго х1ал буго ветераназе кьолеб г1арцулги. Лъиде ц1еханиги гьел суалазе жаваб гьабулев чиги ватулев гьеч1о. Бокьилаан гьеб суал малиялъул т1асияб г1уч1алде бахинабизе.

***Тупаев Х1.*** Нижер росулъа г1емерал г1адамал руго къват1ирехун яшав гьабун. Гьезул хъвайхъвай буго росулъ. Гьелъ, лъица ва кинаб чорокаб х1алт1и гьабуниги, г1айиб бач1уна росдаде. Гьал ахириял соназ нижер росулъ цониги низам хвезабулев чи вугилан абулеб дида раг1ич1о.

Г1олилазе бит1араб тарбия кьеялъул суал нижеца гьоркьоса бахъун гьеч1о. Жакъа школалда т1обит1изе бугеб руччабазул мажлисалда ва умумузул данделъиялда нижеца гьеб суал борхизеги буго.

Росулъ гьабулеб бич1ч1икьеялъул х1алт1иги цо секундалъ чучлъизе тезеги гьеч1о. Х1алт1и гьабизе буго, дуца-дицаян абун теч1ого, цадахъ лъугьун, киназго.

Гьеб данделъиялде росарал суалазда сверухъ жидерго пикраби загьир гьаруна Х1.Адимирзаевас, Х. М.- х1абибовас, С.Алтумирзаевас. М.-а.Инаг1абасовас ва М. Чупалаевас.

Х1укму гьабуна, щибаб кварталалда жаниб цо нухалда, цадахъаб данделъи т1обит1изе ва гьабураб х1алт1ул халги гьабизе.

*Ибрагьим ИДРИСОВ,*
*херазул Советалъул секретарь.*

# Нижер рак1азулъ - дур ч1агояб сурат

***Заманалъе кьураб дунялалъул рукъ,***
***Бокьун гьеч1ониги, бук1аян тела.***
***Амма, рак1ч1ун, лъала нахъе хут1араз,***
***Наг1ана кьеларо рарал къоязе.***

Аллагьасул къадаралдалъун нилъедаса ят1алъана Дагъистан Республикаялъул культураялъул мустах1икъай х1алт1ухъан, республикаялъул, Россиялъул ва кеч1 ах1улезул халкьалдагьоркьосел конкурсазул лауреат, Дагъистаналъул халкьалъул культураялъул ва г1адатазул Централъул директор, махщел камилай коч1охъан ва г1уц1арухъан **Марижат Г1абдулг1азизова**.

Марижатица халкъалъе сайигъат гьаруна куч1дул - рак1алъул бищунго гвангъараб ва къиматаб шапакъат. Гьелъул куч1дул раг1араб мехалъ, чорхолъ кинабго бега-бит1улаан - пашманлъиги, рохелги, рек1ел х1асратги, рокьиги! Гьел раг1изе кидаго гьираялда рук1унаан маг1арулал.



Марижатил куч1дузулъ бук1ана маг1арулазул рух1ияб ицц. Гьел чвахулел рук1ана рак1азе хинлъиги кьолаго. Гьениса буххизе бегьулаан берцинлъиги, намусги, рит1ухълъиги, бахъарчилъиги, рокьиги. Киналалиго, бац1ц1адаб иццухъан чвахулел т1ирабилъун лъугьунаан гьел нилъер рак1азулъе, к1оченарулаан нилъеда дунялалъул ургъелал.

Марижат йик1ана маг1арул руччабазе мисал - т1убанго ц1убараб, г1одобе биччараб, х1алимаб рак1алъул г1адан. Марижатил рац1ц1адал, гвангъарал бераз бицунаан гьелъул рек1ел х1ал. Гьей киданиги модаялда хадуй лъугьинч1о, амма гьелъул рет1а-къаялъулъ бихьулаан г1адатлъи ва берцинлъи. Марижатил репертуаралда рук1ана щунусгоялдасаги ц1ик1к1арал, бат1и-бат1иял маг1наазул куч1дул. Гьел киналго рук1ана художественниияб рахъалъ ц1убарал, маг1на гъваридал, гьениб бук1ана гьелъул кинабго бакънаазул ц1ураб дунял.

Марижат йик1ана поэт, ургьисанго бижараб берцинлъигун, дунялалдехун т1убараб бит1араб бич1ч1игун йижарай, гьайбатай, г1адатияй, г1аданлъи рек1елъ ц1унарай маг1арулай.

Г1умруялда жанир рук1уна цин ч1ег1ераб, цинги хъахлаб кьерал, борхалъуде роржи ва г1одоре рорти. Марижатил г1умруялъулъ бук1ана цого йоржин.

Амма бач1ана бат1ияб заман. Г1адамаз байбихьана жидерго пагьмуялъул, махщалил даран гьабизе, жидерго материалияб рахъ лъик1лъизабиялъе г1оло, гьез Х1алк1олесул ц1ар г1исинаб г1арацалде сверизабуна. Амма Марижат гьединаздаса рик1к1ад йик1ана. Заманалъул хиса-басиязухъ балагьич1ого, гьелда к1вана жиндирго берцинлъи ц1унизе, киг1анго зах1матал г1умруялъул сверабазде кканиги цеехун ине. Гьелда г1адамазул г1умру, инсанасул рух1ияб дуниял, гьваридго, лъалаан. Гьей лъугьинч1о заманалъул ч1обогояб, маг1на гьеч1еб квал-квадиялъул раг1адалъукье.

Щиб жо кколеб талих1? Сверухъ ругезде рокьи, жиндир махщел х1ажат бук1ин - гьеле, гьелъие бищунго т1адег1анаб талих1. Гьайгьай, г1умруялъулъ пашманлъаби кканиги, гьелъ жийго талих1айлъун рик1к1унаан.

***Дицаго дидаго г1емер гьикъула,***
***Къисматалде даг1ба дур бугищилан.***
***Дица жаваб кьола, рак1-рак1алъ, гьале,***
***Бат1ияб - т1ок1абцин бокьиларилан.***

***Дир рак1алъул пикру дунгун к1алъала,***
***Талих1ай йигищан гьаб ракьалда т1ад.***
***Дунги гаргадула, керен - рак1 рагьун,***
***Г1унги т1ок1аб талих1 бугин дирилан.***

Халкъиял куч1дул ах1иялде гьелъул бук1ана бат1иябго рокьи. Гьей гьит1инго ят1а яхъизе лъалаан г1аммаб хоралдаса. Г1асрабаз халкъалъ рахъарал куч1дул гьелъ ах1улаан т1адег1анаб махщалида, халкъиял бакънаазул гъварилъудеги яккун, щивасул рек1елъе бортулеб асаргун ва шавкъалда.

Бокьун буго Марижат Г1абдулг1азизовалъул куч1дузул заман ракьалда, хисич1ого, хут1изе. Марижатил куч1дул раг1изе ккола радиоялдасан, телевидениялдасан, асарал малъизе ккола школазда, гьелъул куч1дул ах1изе мустах1икъал руго куч1дул ах1иялъул дарсазда. Г1адамал, жал х1акъикъиял, къиматал ишаздаса дорег1ан к1анц1ани, дунял лъугьуна х1урулабльун. Лъалхъич1ого, ц1илъизабизе ккола инсанасул рух1ияб рахъ.

Марижат йик1ана Дагъистаналъул ч1ух1илъун. Лъица гьанже ах1илеб нилъер рак1азул ч1ваби гаргадилеб х1алалъ? Лъица гвангъараб гьаракьалъ ах1илеб г1инкъасдаги раг1инедухъ?

Лъик1аблъун рик1к1уна, районцояз гьелъул рахъги ккевелин хьул буго, районалъул культураялъул Централъе Марижатил ц1ар кьезе. Гьей гьайбатай г1адан даималъ хут1ила нижер рак1азулъ.

*Марижатил пагьмуялъул къимат гьабулел.*

# Коррупция как образ мысли

Тема коррупции в современной России представляется крайне интересной, поскольку она носит особенный характер, слабо связанный с классическими коррупционными схемами. А мы привыкли, что коррупция — это когда чиновники получают взятки за некоторые действия.

При этом бывает два варианта. Первый вариант — когда чиновники получают деньги за то, что совершают деяния, которые противоречат законодательству. Ну, т.е. нечто делать нельзя, но за деньги чиновники это делают. Это взятка. А вариант другой — когда чиновники получают деньги за то, что они должны делать по своей службе. Такая, совершенно классическая коррупция.

А в современной России все иначе. Дело в том, что современная российская элита создавалась в начале девяностых — в процессе приватизации. Для тех, кто пытался создать систему внешнего контроля над Россией, самый простой способ (который, к слову, использовался во многих странах) — это создание коррупционной элиты. И в результате сама система приватизации была сделана максимально коррупционной.

Т.е., иными словами, все приватизационные сделки были проведены с нарушением законодательства, и нарушители законов получали за это деньги. Но в нашем конкретном, российском случае — при этом возникла еще и элита, для которой единственный способ увеличения своего богатства — это приватизация. Поскольку в девяностые годы именно приватизация создавала наиболее крупные финансовые потоки, то представители этой приватизационной команды постепенно распространяли своё влияние на всю страну.

Обращаю ваше внимание, что в большинстве стран мира предприниматели — это одна группа, а коррупционеры — другая. И они обычно не пересекаются, потому что предприниматели занимаются своей исключительно предпринимательской деятельностью. В России же коррупционеры, чиновники и владельцы наиболее крупных, созданных в процессе приватизации капиталов — это либо одни и те же люди, либо это очень тесно связанные через аффилированные структуры.

Т.е. иными словами, эта коррупционная приватизация, реализованная российскими чиновниками, но под контролем, в основном, американских советников, создала очень специфическую элиту, которая вообще рассматривает государство и его части как собственную структуру, которая должна приносить коммерческий доход.

Таким образом, Россия — очень специфическая страна, в которой функции формального владельца бизнеса (я не хочу сказать «предпринимателя», об этом я скажу чуть-чуть позже) и чиновника — и так одно и то же. Это два представителя бизнеса. Только у одного бизнес связан с какой-то деятельностью, грубо говоря, хозяйственной, а у другого — с контролем за бюджетом или иными административными функциями.

Но я ещё раз повторяю: это одинаковые бизнес-элементы с точки зрения современной российской элиты. Они рассматривают должность чиновника как бизнес-проект. При этом, поскольку люди, которые формально являются бизнесменами, бизнесом сами никогда не занимались и никогда не были предпринимателями, то по этой причине в бизнесе они, как бы помягче выразиться, не очень успешны.

И, соответственно, во-первых, для того чтобы обеспечить свой статус и сохранить возможности, им требуется любой ценой устранить конкуренцию со стороны реальных предпринимателей. И именно по этой причине в России целенаправленно ликвидируется малый и средний бизнес.




А во-вторых, им нужно постоянно покрывать убытки за счёт бюджетных денег. Только речь уже идёт не о приватизации активов, а о приватизации бюджетов и административных функций. Т.е. по факту все чиновничьи административные должности в России приватизированы.

В рамках такой элитной схемы, во-первых, невозможно конструктивное развитие, потому что никто не развивается. Предприниматель никогда не будет развиваться, потому что понимает, что беззащитен от произвола со стороны чиновников, которые начинают облагать его «данью» — ну, это же их бизнес!

Если на подведомственной им территории либо налоговой, либо управленческой, либо ещё какой-то находится кто-то, кто получает какие-то деньги, то они естественным образом должны их частично перераспределять в свою пользу. Ну, и довольно быстро эта дополнительная нагрузка сделает бизнес нерентабельным.

Кроме того, поскольку уже есть олигархи, т.е. крупные политического масштаба фигуры в соответствующих сферах, то они начинают рассматривать такого предпринимателя как конкурента. И начинают его ликвидировать просто для того, чтобы не было угрозы для своих олигархических бизнес-империй.

Т.е. в принципе невозможно развитие. А, собственно, какое бы то ни было поддержание существующей системы и жизненного уровня населения возможно, только если будет очень мощный входящий поток. В нулевые годы этот входящий поток был обеспечен растущими ценами на нефть. Сегодня этого потока нет, поэтому происходит постоянное ухудшение ситуации.

Притом что по-прежнему продолжается приватизация административных функций. Т.е. если раньше считалось, что приватизировать можно функции вице-премьеров и министров, а вот на уровне, скажем, мэров городов или ответственных за ЖКХ в городах лучше не приватизировать, то сегодня это уже не так. Т.е. там, к той естественной коррупции, которая была ещё с советских времени и которая есть всегда (просто потому что нужно чинить трубы, рыть котлованы и прочее, обычная совершенно хозяйственная деятельность), была добавлена мощная коррупционная надстройка, связанная с тем, что должности ими рассматриваются как бизнес-структуры.

В результате чего вся более-менее осмысленная деятельность — вроде подготовки к зиме — была вообще ликвидирована. Просто с точки зрения человека, который рассматривает должность руководителя ЖКХ как бизнес-проект, тратить деньги, которые являются его чистой прибылью, на разного рода рытье ям и кормление рабочих — это идиотизм.

Вот это — базовая проблема России. Собственно говоря, с точки зрения приватизационной элиты девяностых — это вообще не коррупция. О какой коррупции идёт речь? Они приватизировали функцию, это их частная собственность. Да, в отличие от классической частной собственности, она даётся на время. Но это совершенно не важно. Можно считать, что это аренда некой коммерческой должности, или контракт, или ещё что-то.

Как происходит в бизнесе? Человека назначают по контракту на должность гендиректора. Точно так же человека по контракту назначают на пост чиновника, начальника департамента в министерстве, или замминистра, или ещё куда-то. И он занимается бизнесом, т.е. извлекает прибыль из той должности, которую получил.

Кстати, отсюда ещё одно замечательное свойство. Простите, но сегодня в России практически невозможно быть назначенным на должность бесплатно. Как раз потому, что эта должность — это бизнес. И даже если положение дел в некоей сфере катастрофическое и туда приходится «сбрасывать" человека, который сумеет разобраться и спасти ситуацию, то всё равно люди из параллельных связанных структур, люди, которые под ним, люди, которые над ним, будут от него требовать продолжения вот этой бизнес-деятельности.

И тем самым эта должность - она требует денег. Потому что он должен будет там заплатить какую-то дань, он должен будет обеспечивать доход для своих подчинённых, иначе они не будут работать, ну и так далее.

При этом, если в девяностые годы жизнедеятельность всех систем поддерживалась за счёт старых советских профессионалов, то теперь они все уволены. Это, кстати, очень хорошо видно по кадровым назначениям. Даже на очень функционально специфических должностях оказываются эффективные «манагеры» или юристы, т.е. люди, задача которых заниматься бизнесом. Которые вообще не знают, что там под ними происходит. Например, как устроено это самое ЖКХ. Им это не интересно, у них другой функционал.

В условиях, когда поступающих экономических потоков недостаточно даже для простого воспроизводства экономики, это неминуемо ведёт к разного рода катастрофам. Мы видим ситуацию в космической отрасли и во многих других. И, в общем и целом, можно сказать только одно: мы сегодня не можем обеспечить нормальное воспроизводство российской экономики. Причём не только экономически, но и управленчески. Потому что приходят люди, которые вообще не знают, им даже учиться не у кого.

Т.е. даже если вдруг паче чаяния найдётся человек, который захочет что-то сделать помимо бизнеса, он не может. Потому что он не просто не знает, как там что устроено, ему даже не у кого спросить. И по этой причине можно смело сказать, что существующая система обречена на верную гибель.

Если бы в окрестных странах всё было хорошо, это быстро привело бы к тотальному разрушению, к ситуации, похожей на ту, что сейчас на Украине. Фактически мы движемся в том же направлении, что и Украина, только медленней. Но поскольку у всех остальных аналогичные проблемы — по другим причинам, но масштабы сравнимые, что в Евросоюзе, что в Соединенных Штатах Америки, что в Китае, — то теоретически у нас есть шанс. Но я все больше и больше сомневаюсь, что этот шанс можно реализовать через некоторые эволюционные механизмы.

Эволюционный - это означает изменить, например, нормативную базу так, чтобы можно было готовить реальных специалистов, чтобы они постепенно заменяли бизнесменов, — и возвращаться к нормальной практике государственного управления. Потому что в сегодняшней ситуации все законы, все подзаконные акты, все более низкого уровня нормативные акты выстроены под логику того, что любая должность — это бизнес-проект.

И если сегодня даже абсолютно честный и абсолютно нормальный человек окажется на каком- нибудь месте, он ничего не может сделать, потому что он связан по рукам и ногам вот этими бизнес-схемами. Обращаю внимание, даже те вещи, которые как бы считаются антикоррупционными (например, законодательство, посвящённое государственному конкурсу), направлены на одну-единственную вещь: на то, чтобы минимизировать коммерческую выгоду, которую чиновник может отдать на сторону.

При этом никто не говорит о том, чтобы добиться некоего результата. О результате вообще не говорят! И, таким образом, единственная возможность с этим как-то справиться, — это радикально изменить всю нормативную базу и всю управленческую модель. А это возможно только революционным способом, когда говорится: всё, начиная с этого момента все законодательство (в какой-то сфере) вообще не работает, точка, меняем. Это революция, но как бы в таком узком смысле слова, скажем так, это «не эволюция».

Вот ситуация, которую мы на сегодняшний день имеем. Я считаю, что мы уже перешли красную черту, и в этом смысле эволюционными методами выйти из того тупика, в который зашла система, уже невозможно.

Салтыков-Щедрин устами своего героя сказал замечательную фразу: «Просвещение в России следует внедрять умеренно, по возможности избегая кровопролития». Причём в максимально широком смысле слова «кровопролитие». Т.е. если мы хотим сейчас по-настоящему «просветить» наше общество (в плане реальной борьбы с коррупцией), то избежать «кровопролития» уже не получится.

***Г. ГАЙИРБИЕВ,***
***помощник главы района по вопросам противодействия коррупции.***

## *Объявления*

Администрация МР «Казбековский район» доводит до сведения заинтересованных лиц, что в извещение о проведении земельного аукциона, опубликованное в газете «Чапар» от 09.10.2017 г. вносятся корректировки: в пункте 3.1. КБК изложить в следующей редакции: «001 1 14 06025 05 0000 430», пункты 4.2., 4.3, 4.4. изложить в следующей редакции:

«4.2. Дата и время окончания приема/подачи заявок: **17.11.2017** г. в 16 час. 00 мин.

4.3. Место, дата и время начала и окончания рассмотрения заявок: Республика Дагестан, Казбековский район, сел. Дылым, администрация муниципального района «Казбековский район»,**23.11.2017** г. с 10 час. 00 мин. по 12 час. 00 мин.

4.4. Место, дата и время проведения аукциона: Республика Дагестан, Казбековский район, сел. Дылым, администрация муниципального района «Казбековский район», **24.11.2017** г. в 16 час. 00 мин. Дата и время регистрации участников: **24.11.2017** г. с 15 час. 00 мин. по 15 час. 50 мин.»

Во втором абзаце пункта 1 и в пунктах 6., 7.1., 9.11., 9.12., 11.8., 12., 12.1., 12.2., 12.3., 12.4., 12.5., 12.6., 12.7., 13.,13.1., 13.2., 13.3., 13.4., 13.5. исправить опечатки, заменив слово «аренды» на «купли-продажи».

О назначении публичных слушаний по изменению вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым №05:12:000004:1549, расположенного в с. Ленинаул.

Публичные слушания состоятся в здании администрации СП «с. Ленинаул» Казбековского района Республики Дагестан в 17:00 23 ноября 2017г.

# Сельское хозяйство-основная отрасль специализации района

Основной отраслью экономики района является сельское хозяйство, в котором производится самый больший объем производства сельскохозяйственной продукции, которая имеет тенденцию ежегодно увеличиваться.Структура занятости населения по видам деятельности по Казбековскому району в сфере сельского хозяйства составляет 64%. Как видно, большинство трудовых ресурсов района занято в этой отрасли. Динамика роста продукции сельского хозяйства за последние четыре года показал положительный результат. Рост производства продукции наблюдается и в текущем году и за 9 месяцев он составляет 2 013 850 тыс. руб. тыс. руб., против 1 796 670 тыс. руб. в 2016 году, что больше чем за АППГ этого года на 12%.

Вместе с тем, проведенный анализ по производству сельскохозяйственной продукции на душу населения в 2016 году показал, что по отдельным видам продукции наблюдается плохая обеспеченность. Так по производству овощей при норме 140 кг на душу населения, произведено всего 56 кг, отклонение -74 кг. По плодам отклонение составляет -84 кг от установленной нормы на одного проживающего в районе. С учетом этих обстоятельств есть необходимость увеличения площади по закладке садов, и развивать возведение тепличных комплексов в районе. В связи с этим, за последние 4 года фруктовые деревья в районе посажены на 46 гектарах, положено начало развитию тепличных хозяйств. Успешно функционирует теплица в Дылыме Мурсалат Абдурахмановой.

До нынешнего года в районе сложилась устойчивая тенденция роста показателей по производству озимых зерновых. Однако, в этом году, к сожалению, положительная тенденция была нарушена. Их урожайность сравнительно с прошлым годом низкая и составляет 19,8 ц/га, против 25,4 ц в 2016 году. Хороших результатов добились СПК «Чапаева» и ГУП «Дылымский». В то же время, низкие показатели по урожайности в таких крупных хозяйствах-производителях как СПК «Дружба» и «Красный Октябрь» повлияли на неблагополучие результатов всего АПК района.

Получению результатов по уборке урожая должна предшествовать круглогодичная работа по выращиванию культур.

Для сбыта и реализации продукции сельхозтоваропроизводителям района открывают возможности СПоКи. Так, в этих целях, в 2016 году в районе был открыт СПоК «Изобилие». Задача руководства обеспечить максимальную поддержку работе СПоК и способствовать ее росту и развитию для возможности реализации сельхозпродукции мелкими производителями и ЛПХ района.

Наиболее остро стал вопрос об устранении незаконности в деятельности КФХ-грантополучателей», при подготовке к которому выяснилось, что только 4 из 39 получивших гранты фермерами, оформлены трудовые отношения с работниками, согласно Соглашения, в котором обязывались обеспечить по одному рабочему месту на каждые полученные 500 тыс.руб. По плану работы над этим вопросом УСХ предусмотрен в случае невыполнения пунктов Соглашения обратиться в прокуратуру. Однако, грантополучатели не торопятся с выводами о необходимости предпринять какие-либо шаги.

Также, необходимо работать над развитием семеноводства, в чем, в былые времена в колхозе «Дружба» имелся опыт по возделыванию элитных семян озимой пшеницы, выращиванием породного молодняка. В ряде хозяйств, слабо повышается культура земледелия и животноводства, остаются низкими урожайность полей и продуктивность скота. Предстоит задача по укреплению материально-технической базы сельского хозяйства, в широких масштабах проводить механизацию и химизацию производства, мелиорацию земель.

В подразделе «сельское хозяйство» в расходах бюджета района предусматриваются средства в сумме примерно 2455 тыс.руб. А организациями АПК сумма уплаченных налоговых платежей в бюджет района составит 3574 тыс. рубля.

Главным показателем экономического состояния предприятий является их прибыль. Темпы роста прибыли сельхозпредприятий не предвещают особых успехов. В 2016 году он составил 11868 тыс.руб., что к прибыли 2014 года составлял 112%, а относительно показателя 2015 года – 87 %. Основание для прогнозирования существенного превышения прибыли сельхозпредприятий района за 2017 год относительно показателя 2016 года по ряду причин не предвидится, в том числе из-за низкой их урожайности озимых на 5,6 ц/га. Но, в то же время, превышение уровня среднего надоя на 1 фуражную корову на 108 кг и некоторые другие показатели послужат сбалансированию общих показателей и основанием для расчета получения прибыли примерно на уровне прошлого года, в связи с чем и поступление ЕСХН запланировано в сумме 900 тыс.руб. при факте 948 т.р. в прошлом году.

Район наш сельскохозяйственный. Население являются потомственными хлеборобами и специалистами развитию животноводства, а также восточные села славились выращиванием лучших сортов винограда. Наша цель – дальнейшее развитие этой важной, традиционной для салатавцев отрасли. Потенциал для этого есть и необходимо ее использовать сполна. Это позволить в определенной мере повышению благосостояния населения, дальнейшему процветанию родного района.

***Патимат УСМАНОВА,***
***главный специалист одела экономики, планирования и по организационным вопросам администрации района.***

# ГРАФИК

***приема граждан по предоставлению государственных услуг по регистрации автомототранспортных средств и прицепов к ним, по проведению экзаменов на право управления транспортными средствами и выдачи водительских удостоверений в МРЭО ГИБДД МВД по Республике Дагестан[1].***

| № п/п | МРЭО ГИБДД МВД по РД | Рабочие дни | Регистрация АМТС | Выдача, обмен водительских удостоверений | День занятий |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. | МРЭО ГИБДД МВД по Республике Дагестан, (дислокация г. Махачкала). | Понедельник<br>Вторник<br>Среда<br>Четверг<br>Пятница<br>Суббота<br>Воскресенье | Понедельник<br>Вторник<br>Среда<br>Пятница<br>Суббота<br>Воскресенье | Понедельник<br>Вторник<br>Среда<br>Пятница<br>Суббота<br>Воскресенье | Четверг |
| 2. | МРЭО ГИБДД МВД по Республике Дагестан, (дислокация г. Дербент). | Понедельник<br>Вторник<br>Среда<br>Четверг<br>Пятница<br>Суббота<br>Воскресенье | Понедельник<br>Вторник<br>Среда<br>Пятница<br>Суббота<br>Воскресенье | Понедельник<br>Вторник<br>Среда<br>Пятница<br>Суббота<br>Воскресенье | Четверг |
| 3. | МРЭО ГИБДД МВД по Республике Дагестан, (дислокация г. Хасавюрт). | Понедельник<br>Вторник<br>Среда<br>Четверг<br>Пятница<br>Суббота | Понедельник<br>Вторник<br>Среда<br>Пятница<br>Суббота | Понедельник<br>Вторник<br>Среда<br>Пятница<br>Суббота | Четверг |
| 4. | МРЭО ГИБДД МВД по Республике Дагестан, (дислокация г. Кизилюрт). | Понедельник<br>Вторник<br>Среда<br>Четверг<br>Пятнима<br>Суббота | Понедельник<br>Вторник<br>Среда<br>Пятница<br>Суббота | Понедельник<br>Вторник<br>Среда<br>Пятница<br>Суббота | Четверг |
| 5. | МРЭО ГИБДД МВД по Республике Дагестан, (дислокация г. Буйнакск). | Понедельник<br>Вторник<br>Среда<br>Четверг<br>Пятница<br>Суббота | Понедельиик<br>Вторник<br>Среда<br>Пятница<br>Суббота | Понедельник<br>Вторник<br>Среда<br>Пятница<br>Суббота | Четверг |
| 6. | МРЭО ГИБДД МВД по Республике Дагестан, (дислокация г. Избербаш). | Понедельник<br>Вторник<br>Среда<br>Четверг<br>Пятница<br>Суббота | Понедельник<br>Вторник<br>Среда<br>Пятница<br>Суббота | Понедельник<br>Вторник-<br>Среда<br>Пятница<br>Суббота | Четверг |
| 7. | МРЭО ГИБДД МВД по Республике Дагестан, (дислокация г. Кизляр). | Понедельник<br>Вторник<br>Среда<br>Четверг<br>Пятница<br>Суббота | Понедельник<br>Вторник<br>Среда<br>Пятница<br>Суббота | Понедельник<br>Вторник<br>Среда<br>Пятница<br>Суббота | Четверг |
| 8. | МРЭО ГИБДД МВД но Республике Дагестан, (дислокация с, Леваши). | Понедельник<br>Вторник<br>Среда<br>Четверг<br>Пятница<br>Суббота | Понедельник<br>Вторник<br>Среда<br>Пятница<br>Суббота | Понедельник<br>Вторник<br>Среда<br>Пятница<br>Суббота | Четверг |

**Рабочий день:** - с 08:00 до 18:00.
- в четверг с 10:00 до 13:00.
- в субботу с 08:00 до 14:00 (без перерыва).
**Приём граждан:** - с 08:00 до 17:30, Р, 11ГУ с 09:00 до 17:00.
- в субботу с 08:00 до 13:30, РИГУ с 09.00 до 13:00.
**Перерыв:**- с 13:00 до 14:00.
**День занятий:** - четверг (в клубе У ГИБДД МВД по РД).
**Выходной день:** - воскресенье.

**Режим работы МРЭО ГИБДД МВД но РД (дислокация г. Махачкала) ежедневно без перерыва и выходных (перерыв и выходной по отдельному графику).**
**Рабочий день:** - с 08:00 до 20:00.
- в четверг с 10:00 до 13:00.
- в субботу и воскресенье с 08:00 до 14:00;
**Приём граждан:** - с 08:00 до 19:30, ГИГУ с 09:00 до 19:00.
- в субботу и воскресенье прием граждан, обратившихся через ГИГУ с 09:00 до 13:30.
**День занятий:** - четверг (в клубе У ГИБДД МВД по РД).

# Чемпион к1одо гьавуна

Дагьал церегIан къояз Гуни росдал гимназиялда тIобитIана, 27 сентябралда Псков областалъул Великие Луки шагьаралда тIоритIарал, жура-гъурарал рагъулал къецазул(ММА) чемпион Жамбулат Мажидов кIодо гьавиялъул рохалилаб данделъи.

Гьенире гIахьаллъана – «Казбек район» муниципалияб г1уцIиялъул бетIер ХI.ХI.Мусаев, депутатазул Собраниялъул, райаппаратальул, Гуни росдал гIуцIабазулгун жамагIаталъул вакилзаби, «Горец» клубалъул президент Муслим Алаудинов, РДялъул мустахIикъал тренерал: Гали ИсхIакъов, ХIамзат ГIабасов, чемпионасул гIага-божарал, гьудул-гьалмагъзаби, ва цогидалги.



РехсечIого гIоларо, Жамбулатил имгIалзаби: Минбулат,Жамбулат ва НурахIма Мажидовазги, спорталъулъ росарал бергьенлъабаздалъун, тIолабго улкаялда цIарал рагIинарун рукIин. Гьедин, Минбулат вахъана самбоялъул рахъалъ СССРалъул чемпионлъун,Жамбулатги НурахIмаги –кондидаталлъун. Гьезул нухдасан ана Жамбулат ва Жамал Мажидовалги(вацал-игизал).

Росдал школалда цIалулеб мехалъго бижана гьезул спорталде рокьи ва, спортивияб махщел цIубазаби мурадалда,цIализе лъугьана Хасавюрталъул Олимпиадабазде хIадур гьариялъул училищеялде. Гьоркьоб заман инелде, гьел рахъана эркенаб гугариялъул рахъалъ мастераллъун.

Жамбулат вахъана Дагъистаналъул (эркенаб гугари, рагъулаб самбо,панкратион) ва Россиялъул (эркенаб гугари; 2 нухалъ грепплинг) чемпионлъун.

Макъалаялъул байбихьиялда рехсарал къецазда чемпионлъун вахъиналъ Ж.Мажидов вачана Россиялъул командаялъулъе ва гьев хIадурлъулев вуго Европаялъулгун дунялалъул чемпионатазде.

Данделъиялда кIалъарал – ХI.ХI. Мусаевас ва гIемерал цогидазги Жамбулатида баркана босараб бергьенлъи, гьарана гьесие сахлъи, рохел ва жеги тIадегIанал бергьенлъаби. ХI. ХIажиевичас абуна: ***«Ахириял соназ нилъер гIолилаз спорталъул батIи-батIиял даражабазул къецазда рихьизарулел руго лъикIал хIасилал. Гьез нилъер районалъул цIар рагIизабулеб буго дунялалда. Нижеца х1аракат бахъизе буго районалда спорт жеги т1адег1анаб даражаялде бахинабизе.***

***Дие бокьун буго, лъикIал хIасилал рихьизарурал спортсменал районалда гIемер рукIиналде балагьун, спортивияб форум тIобитIизе»***,-ян.

Данделъиялъул гIахьалчагIаз гьелъул рахъ ккуна ва, кватIичIого, гьеб тIобитIизе къотIиги гьабуна. КIалъаялдаса хадуб, гьес Жамбулатие райадминистрациялъул рахъалдасан, кьуна ХIурматалъул грамота ва къиматал сайигъатал.

Бокьун буго, **«Чапар»** газета гьоркьоб ккун, Жамбулатида баркизе чемпионлъун вахъин, гьаризе гьесие щулияб сахлъи, рохел, жеги тIадегIанал бергьенлъаби ва сайигъат гьаризе гьал кочIол мухъал.

**Россиялъул чемпион Жамбулат Мажидовасде**

***Эбел-инсуе рохел,***
***Росдаего мун чIухIи,***
***Районалъе рецц гун цIар,***
***Баркала дуй, Жамбулат.***

***Жундузул гьури гIадав,***
***Гьунар тIокIав рагъухъан,***
***РекIел мурадги тIубан,***
***ТIадвуссаги кисаго.***

***Кинав дандиявгун мун,***
***ДандчIвазе кканиги,***
***ТIоцебесеб бакIалъе,***
***МустахIикъав ватаги.***

***Медалаз керен цIеги,***
***Кубокал гIемерлъаги,***
***Киналго улкабазул,***
***Ургуялда бергьаги.***

***КIиабилеб баркала,***
***ХIамза, дуй гуниязул,***
***Ургуялда хьвадизе,***
***ГIолилазда малъарав.***

***Гьаб дуниялалда,***
***ЧIаго ругебгIан мехалъ,***
***Щулияб сахлъиги кьун,***
***Хьихьаги нуж Аллагьас.***

*М-бег АБУЛАЕВ,*
*Гуни росу.*

# Спорт - инсанасул сахлъи

# Эркенаб гугари

Дагьал церегIан къояз Тольятти шагьаралда гIолилазда гьоркьоб тIобитIараб Халкъалдагьоркьосеб эркенаб гугариялъул турниралда гIахьаллъана М.М. ГIазаевасул цIаралда бугеб МДЮС-Шялдаса гугарухъан – Ибрагьим Дуруевги.



Киналниги дандчIваязда, ракIчIараб бергьенлъиги босун дандиясухъе цониги очкоги биччачIого,35 кг. цIайиялда, гьев вахъана турниралъул чемпионлъун.

Бокьун буго, «Чапар» газета гьоркьобккун, ракI-ракIалъ гьеб бергьенлъи баркизе И. Дуруевасда, гьесул эбел-инсуда,МДЮС-Шялъул дирекциялда, Ибрагьимил тренер Къ.Давурбеговасда. Ибрагьимие гьаризе гьезие щулияб сахлъи, рохел ва жеги тIадегIанал бергьенлъаби.

***Н.АЛИУКЪАЕВ, Дилим росу.***

# Ригь аразул Къо тIобитIана

Дагьал цере г1ан къояз, кидаго гIадин, районалъул библиотекаялъул цIалдолезул залалда, кIудияб хIурматалда, тIобитIана ригь аразул Къо. Байрам ракIалдаса унареблъун лъугьинабиялъе лъикIаб хIадурлъи гьабун бугоан районалъул библиотекаялъулгун культураялъул хIалтIухъабаз. Гьурмазда берцинаб гьимигун, гьуинал нигIматазул столазда нахъа гIодор чIун рукIана, гIолохъанлъиялдасаги арал, жеги херлъиялдеги щвечIел, Дилим росулъа - СайихIат ХIамидова, Ажа Хизриева, Маина МухIамадова, ГIайнаъ М-гъазиева, Бурлият ГIумарова, Пазилат ГIумаханова, Изажа Хатова ва ПатIимат МухIамадова.



Данделъи бачуней Равзанат М-хайрулаевалъ, къокъгьабун, гьениб бицана щияй гIахьалчIужуялъул гIумрудул нухалъул цо-цо лах1затал.

Гьеб тадбиралде гIахьаллъаразда байрам баркарал к1алъаял гьаруна Нурият Салатгерееевалъ ва цогидазги.

Данделъиялъул гьалбазул ракIазулъ хутIулел кучIдулгун ва биценалгун цере рахъана культураялъул хIалтIухъаби: Лайла Имамирзаева, Загьра УмалхIатова, Бесират Адуева, МухIамад Дудуев.

Жидерго гIумруялъулъ ккарал цо-цо лъугьа-бахъиназул бицана СайихIат ХIамидовалъ ва Маина МухIамадовалъ.

Гьенире гIахьаллъарал руччабазе кьуна къиматал сайигъатал. Байрам тIобитIиялъе квербакъана Дилим росдал администрациялъул бетIер Ибрагьим МухIамадовас.

***ХI. КАРИМОВА.***

# Пайдалияб дандч1вай

Дагьал цере г1ан къояз Ленинаул росдал администрациялъул х1алт1ухъабаз ва №1 гьоркьохъеб школалъе нухмалъулез цадахъаб данделъи т1обит1ана. Гьенире г1ахьаллъана - росдал Собраниялъул депутатал: Б.Г1.Мусичов, А.В.Вазирханов, Ж.Б.Чокиев, участковый инспектор З.С.Мирзаев, балугълъиялде рахинч1езул инспектор М.Ш.Шапиев.

Дандч1ваялъул г1ахьалчаг1азул мурадлъун бук1ана г1олеб г1елалъе тарбия кьеялъе, гьелъул лъай борхизабиялъе гьабулеб цадахъаб х1алт1и ц1ик1к1инаби.

К1алъазе рахъарал-школалъул директор Х.Н.Аскердировалъ, росдал администрациялъул бет1ерасул заместитель Х.Ж.Микаг1иловалъ,Б.Мусичовас ва цогидазги гьениб бицана ахириял соназ ц1алдохъабазул лъай г1одобе ккун, гьезие тарбия кьейи чучлъун бук1иналъул ва халкъалъул экономикиябгун социалияб рахъал лъик1лъизабиялъе, пачалихъалъул даражаялда, рихьизарурал аслиял суалазул цояблъун гьеб кколеблъи.

Тадбиралъул г1ахьалчаг1аз къот1и гьабуна цадахъаб х1алт1и ц1ик1к1инабизе ва хадурккунисел дандч1ваязда гьабураб х1алт1уе къимат кьезе.

***Батирхан МУСИЧОВ, Ленинаул росу.***

*(Байбихьи 35,36,37,38, 39, 40, 41 номеразда)*

# Щивго к1очон гьеч1о,..

## ХІурматиял районцоял!

***«ВатІаналъул солдатал», «РакІалдещвеял» тІахьазда рехсон руго, 1938 -1945 соназ БагІараб Армиялдеги ун, гьенир ВатІанияб рагъда гІахьаллъаразул цІарал.Гьезул къадар бащалъулеб буго 1600 чиясда.***

***Ахириял соназ, Калининаулалдаса ХІажимухІамад ХІажимухІамадовас, Динуч Динаевас, Гертмаялдаса МухІамад Дадаевас,Дилималдаса МухІамадапанди Дадаевас, Ленинаулалдаса Минсултан ХІажимурадовас, Буртунаялдаса Мухтар Чупалаевас архиваздасан ралагьарал баяназда рекъон, жакъа къоялде гьезул къадар 2700-ялдасаги цІик1к1унеб буго.***

***Гьединлъидал, районалъул бетІер ХІажимурад Мусаевасул хІукмуялда рекъон, гІуцІараб хасаб комиссиялъул пикру ккун буго ВатІанияб рагъда гІахьаллъаразул цІарал цІидасан газеталъул гьурмазда рахъизе ва, нужер кумекалдалъун, гьенир ругел хиса- басиялги рукІалиде ккезаризе.***

***Цересел газетазул номеразда нижеца рехсана нилъер районалъул Дилималдаса, Гъозталаялдаса, Гертмаялдаса, Гуниялдаса ва Хубаралдаса рагъде аразул цІарал, хадусел номеразда рехсезе руго цогидал росабалъа гьенире***

### Ахташ-аух (Ленинаул)

1. Алиев Гашим - 1925г.
2. Вазерханов Юсуп - 1909г.
3. Абаев Абдула -1913г.
4. Далиев Зайнудин - 1924г.
5. Закавов Иса Патаевич - 1915г.
6.Закриев Зайнудин - 1913г.
7. Закариев Салих1 Авзурбиевич- 1911г.
8.Исрапилов Сулейман - 1903г.
9. Кадыров Магомедтагир -1918г.
10. Омаров Магомедгази -1908г.
11.Тембиев Залимхан - 1910г.
12.Талибов Ях1ья Самадович -1916г.
13.Тимиркаев Муса - 1921г.
14.Гамзатов Паша - 1913г.

### Юрт-аух (Калининаул)

1.Джабраилов Улла Эдрисович -1917г.
2.Давхлеалиев Абдулманап -1908г.
3.Дудаев Абдулахит - 1909г.
4.Мехтиханов Лала - 1916г.
5.Самаев Булатхан -1898г.
6.Омаров Висарби - 1908г.
7.Хухаев Сайдак -1904г.

### Зубутли

1.Халилов Мирза Магомедович -1924г.
2.Абдулаев Абдумажит -1919г.
3.Абдулаев Хабиб- 1913г.
4.Абдулхаликов Магомед - 1898г.
5.Абдурахманов Нурмагомед - 1914г.
6.Агагишиев Абдулкасим -1904г.
7.Алданов Магомедхан Султанович-1907г.
8.Алибулатов Муху -1912г.
9.Алиев Абдулатип -1909г.
10.Алиев Ахмедрашид -1909г.
11.Алиев Мухтар -1914г.
12. Алиев Паридали -1924г.
13.Алиев Султандибир -1912г.
14.Алиев Юсуп -1909г.
15.Берkиханов Абдурахман -1920г.
16.Беркиханов Абдухалит - 1912г.
17.Беркиханов Абдулахит - 1910г.
18.Беркиханов Камиль -1918г.
19.Гаджидадаев (Султанмагомед) Нуцалхан- 1907г.
20.Гаджиев Дада - 1921г.
21.Гаджиев Хабиб(Бабаласул) -1915г.
22. Гамзатов Гасан - 1915г.
23.Гасанов Абдувагаб -1908г.
24.Гасанов Алавдин -1903г.
25.Гасанов Али -1917г.
26.Гусейнов Абас - 1902 (1914г.)
27.Гусейнов Расул -1916г.
28.Джабраилов Юсуп - 1913г.
29.Дибиргаджиев Магомед(Дибиров)-1893г.
30.Закарьяев Магомед -1918г.
31.Исланов Тату - 1918г.
32.Исланов Расул - 1912г.
33. Исланов Шарапдин - 1914г.
34.Магомаев Пирахма - 1908г.
35.Магомаев Шарудин -1909г.
36.Магомедалиев магомедали -1911г.
37.Магомедов Насрула - 1919г.
38.Магомедсултанов Абдумуслим-1906г.
39.Магомирзаев Магомед -1907г.
40.Муртазалиев Магомед - 1898г.
41.Мусаев Абдулхаким - 1912г.
42.Мусалаев Расул - 1903г.
43.Мухуев Халит -1912(1918)г.
44.Набиев Магомедгази(Эме) -1921г.
45.Мухудинов Закарияв - 1912г.
46.Султанмурадов Абдулвакил -1916г.
47.Таймасханов Гамзат Гаджиевич-1918(1922)г.
48.Сурхаев Магомед -1915г.
49.Таймазов Абдумуслим -1907г.
50.Татарханов Хадада(Шахбан) -1908г.
51.Умаров Ама Ирматович -1907г.
52. Умаров Ирман - 1908г.
53.Умаров Магомедгази(Магомеали)-1922г.
54.Умаханов Умахан(Гамзатов) -1918г.
55.Умай-Гамзатов Мугажудин -1916г.
56.Усманов Имусалих(Абдусалам)-1916г.
57.Уцумиев Магомед - 1918г.
58.Хажулхамзатов Хасан(Бабуч) -1918г.
59.Халилов Шамсудин Магомедович-1912г.
60.Хамзаев Магомедрасул -1909г.
61.Шуайпов Газимагомед -1912г.
62.Шуайпов Мансур -1912г.
63.Юнусов Юнус - 1918г.
64.Юсупов Магомедрасул Юсупович -1924г.
65.Юсупов Хабиб -1906г.
66.Батаев Гамзат -1922г.
67. Гамзаев Магомедрасул -1907г.
68.Магомедов Насрула Патиматович-1910г.
69.Мусаев Али Мухамадович -1914г.
70.Авукаев Магомедхан - 1907г.
71.Авукаев Магомед -1918г.
72.Авукаев Ильяс -1905г.
73. Гамзатов Умахан -1918г.
74.Магомедов Гасан -1913г.
75.Азаев Гамзат -1917г.
76.Гасанов Башир -1914г.
77.Мажидов Ансарияв -1909г.
78.Султанмурадов Нуцалхан -1907г.
79.Абдумажитов Абдурашид -1912г.
80.Ахмедов Керимсултан - 1922г.
81.Гамзатов Мугаждин- 1916г.

*(Хадусеб бук1ине буго.)*

## ГІАБДУЛГІАЗИЗОВА МАРИЖАТ АСКЕРХАНОВНА



14 октябралда гІумруялдаса ятІалъана Дагъистаналъул культураялъул мустахІикъай хІалтІухъан, ЦТКНРалъул директор, **«Салатавиялъул булбул»,**-ан цІар жиндие кьурай Марижат Аскерхановна ГІабдулгІазизова.

М.ГІабдулгІазизова гьаюна 1957 соналъ Гуни росулъ. Марижатил лъимерлъи ана Гъозталаялда. Гьениб микьго классги лъугІизабун, Марижат ячІана Дилим росулъе ва гьелъ захІматалъул нухде гали тІамуна районалъул культураялъул Рукъалъул инструкторлъун хІалтІизе байбихьиялдалъун. Хадусан М. ГІабдулгІазизова т1амуна гьелъулго художественияй нухмалъулейлъун. 1977 соналъ Марижат мустахІикълъана ЦІадаса ХІамзатил цІаралда бугеб премиялъе. 1986-1991 соназ М. ГІабдулгІазизова йикІана СССРалъул ВЦСПСалъул ЦКялъул членлъун, гьединго, XI ва XII съездазул делегатлъун. Кинаб хІалтІи тІад къаниги, Марижатица гьеб тІубазабулаан, ракІбацІцІадго, рагІи абилареб къагІидаялда. Гьелъие нугІзаллъун ккола батІи-батІиял фестивалазда, конкурсазда ва цогидалги къецазда Марижатие щварал рик1к1ен г1емерал дипломал, ХІурматалъул грамотаби, сайигъатал.

1997-2012 соназ,аслияб хІалтІиялда цадахъ, Марижатица бачана Авар театралъул солисткаялъул хІалтІиги. 2008 соналдаса Марижат хІалтІулей йикІана районалъул культураялъул Централъул директорлъун.

М.ГІабдулг1азизова даималъ хутІизе йиго нижер ракІазулъ.

*ХІ.ХІ. Мусаев, Гъ.М. Гъирисханов, И.И.Шабазов, З.Н.Эмеев, И.Б.Салимханов, ГІ.П. Базаев.*

Районалъул культураялъул Централъул х1алт1ухъабаз, гъваридаб пашанлъиялда, зигара балеб буго хъизан-лъималазда ва т1олабго г1агарлъиялда

**Марижат**

г1умруялдаса ят1алъиялда бан. Аллагьас Алжан насиб гьабеги гьелъие.

---

Гуни, Гъозтала, Дилим росабазул бут1руз, г1уц1абазе нухмалъулез, гьезул х1алт1ухъабаз, жамаг1атаз зигара балеб буго хъизан-лъималазда ва т1олабго г1агарлъиялда

**Марижат**

г1умруялдаса ят1алъиялда бан. Аллагьас мунагьал чурун ратаги гьелъулги нилъерги.

---

Районалъул учреждениябазегун организациябазе нухмалъулез, гьезул х1алт1ухъабаз зигара балеб буго хъизан - лъималазда, т1олабго г1агарлъиялда ва гьудул гьалмагъзабазда

**Марижат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

## Опровержение

Объявление, напечатанное в районной газете « Чапар» (N9 39 от 2 октября 2017г.) о проведении общего собрания ПХСПК « Красный Октябрь» Казбековского района 2 ноября 2017 года в банкетном зале «Венеция» г.Хасавюрт, считать недействительным.

*М.С. ХАЙБУЛАЕВ,*

*председатель ПХСПК «Красный Октябрь».*

*БетІерав редактор:*
*Мухтар Чупалаев*
*тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь:*
*Мух1амад-Шарип Г1абдулашимов*
*тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби:*
*ХІалимат Каримова,*
*Ибрагьим Идрисов*
*Сапият Султанмух1амадова*
*Фотомухбир:*
*Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХІайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхІажиева*
*Зайнаб Г1абдулмуслимова*
*Типографиялъул адрес:*
*Хасавюрт шагьар, ООО*
*"Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368141*
*Индекс: 51354*
*Заказ №159 Тираж 1350*

*Газета зарегистрирована в Управлении ФСН по РД 19.05.2014 г. ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хІужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*